**दिन—मंगलवार** **दिनांक—09.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

काल्हि होबऽवला रूपौली विधानसभा उपचुनाव लेल सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। मतदान सवेरे सात बजे सँ सांझ छओ बजे धरि चलत। नब्बे प्रतिशत बुथ पर केन्द्रीय सशस्त्र पुलिस बल के उपस्थित कराओल गेल अछि। सत्तरि ऑबजर्वर के चुनाव पर नजरि रखबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि। एक सय बीस संवेदनशील आ अतिसंवेदनशील बुथ अछि। एक सय एकसठि बुथ सँ वेवकास्टिंगक व्यवस्था कयल गेल अछि। एहि उपचुनाव मे एगारह प्रत्याशी अपन भाग्य आजमा रहल छथि। मुख्य मोकाबिला एनडीए उम्मीदवार जदयूक कलाधर प्रसाद मंडल आ महागठबंधनक राजद प्रत्याशी बीमा भारतीक बीच मानल जा रहल अछि। निर्वाचन क्षेत्र मे एक लाख एकसठि हजार सात सय बारह पुरूष जखनकि एक लाख एकाबन हजार नओ सय छत्तीस महिला मतदाता छथि। पहिल बेर भोट देबयवला मतदाताक संख्या तीन हजार नओ सय एकावन अछि। सोलह थर्ड जेन्डर मतदाता सेहो भोट देताह। भोटक गिनती तेरह जुलाई के होयत।

---

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल भारी बरखाक कारणे कोसी, गंडक, बागमती आ महानंदा नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी गोपालगंजक डुमरियाघाट मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। ओतहि, बागमती नदीक जलस्तर रून्नीसैदपुर आ बेनीबाद मे लाल निशान सँ उपर दर्ज कयल गेल। कोसी नदी खगड़ियाक बलतारा आ महानंदा किशनगंजक तैयबपुर, पूर्णियांक ढेंगराघाट आ कटिहारक झावा मे खतराक निशान के पार कऽ गेल। परमान नदीक जलस्तर सेहो अररिया मे लाल निशान सँ उपर बनल अछि।

---

हमर संवाददाता लोकनि जनौलनि अछि जे वाल्मीकिनगर गंडक बाराज सँ लगातार पानि छोड़ल जयबाक बाद पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, गोपालगंज आ सारण जिलाक निचला क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। मधुबनी जिलाक जयनगर सँ प्रवाहित कमला बलानक जलस्तर मे आइ वृद्धि हेबा सँ लऽगपासक डोड़बाड़, इस्लामपुर, ब्रह्मोत्तर आ

खैरामाट गामक लोक दहशत मे आबि गेल छथि। सुपौल जिलाक किशनपुर सुपौल सदर, सरायगढ़–भपटियाही, मरौना आ निर्मली प्रखंडक पांच लाख सँ बेसी आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। पूर्वी चंपारण मे गंडक नदीक संग–संग सीकरहना नदी उफान पर अछि जखनकि पश्चिम चंपारण मे गंडक आ सिकटा नदी तबाही मचौने अछि। गोपालगंज मे सदर आ मांझा प्रखंड क्षेत्रक कतेको गाम बाढ़िक चपेट मे आबि गेल अछि। समस्तीपुर जिला मे बागमतीक संग–संग एकर सहायक शांति नदी उफान पर अछि। जिलाक कल्याणपुर प्रखंडक डगमारा गाम लऽग बनल डायवर्जन के बहि गेला सँ लऽगपासक गाम सड़क संपर्क टुटि गेल अछि। दरभंगा आ कटिहार जिलाक कतेको प्रखंड सेहो आंशिक रूप से बाढ़िक चपेट मे अछि।

——————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एखन धरि राज्य मे दू सय अडतीस दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा भेल अछि, जे सामान्य सँ नओ प्रतिशत कम अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिन मे प्रदेशक उत्तरी भाग मे किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक आशंका बनल अछि। जखनकि शेष भाग मे कमसम अथवा मध्यम बरखाक पूर्वानुमान व्यक्त कयल गेल अछि।

——————————————————————————

केन्द्रीय जलशक्ति मंत्रालयक राज्यमंत्री राजभूषण चौधरी आइ समस्तीपुर मे जनौलनि जे बिहार समेत आनो प्रदेश मे बाढ़िक समस्या के दूर करबाक लेल मंत्रालय एक विशेष कार्य योजना तैयार कऽ रहल अछि।

——————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बिहट स्थित रतन चौक लऽग आइ सवेरे एक ऑटोरिक्शा आ कारक मध्य भेल टक्कर मे पांच गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि तीन आन गोटे गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। घायल लोकनि के इलाज लेल स्थानीय अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। ओम्हर, नालंदा जिलाक वेन थाना क्षेत्र अंतर्गत पेठना टोल प्लाजा लऽग ठाढ़ एक ट्रक मे बालू भरल दोसर ट्रक टक्कर मारि देलक, जाहि मे दू गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि एक आन गोटे घायल भऽ गेलाह।

——————————————————————————

भारतीय प्रशासनिक सेवाक पूर्व अधिकारी मनीष वर्मा आइ जदयू मे सम्मिलित भऽ गेलाह। जदयूक पटना स्थित कार्यालय मे आयोजित एक समारोह मे ओ पार्टीक सदस्यता ग्रहण कयलनि।

---

बिहार पुलिस अवर सेवा आयोग पुलिस सबइंसपेक्टर पद लेल भेल परीक्षाक अंतिम परिणाम जारी कऽ देलक अछि। एहि एक हजार दू सय पचहत्तरि उम्मीदवार सफल भेलाह।

---

मधेपुरा जिलाक प्रसिद्ध सिंहेश्वर स्थान के बिहार सरकारक साओन मेलाक सूची मे सम्मिलित करबाक लेल जिला पदाधिकारी बिहार सरकारक अपर मुख्य सचिव राजस्व विभाग के अनुरोध पत्र पठौलनि अछि।

दरभंगाक बहादुरपुर प्रखंडक उघरा पंचायत स्थित उच्च विद्यालय मे आइ रोजगार सह मार्गदर्शन मेलाक आयोजन कयल गेल।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।